



OFFICE OF THE  
SPECIAL ENVOY  
FOR HAITI

**ANALYZ MONTRE 37.2 POUSAN VERSEMAN TE DEBOUSE PAMI DONATE  
SEKTE PIBLIK YO POU REYABILITASYON AYITI**

Le 8 avril 2011- Biwo Nasyonzini pou anwaye espesyal an Ayiti (OSE) te fè yon dènye analiz sou pwomès ki te fèt pou apre tranbleman tè aktivite pou retablisman peyi a. Yo montre te gen yon nivo dekesman de 37,2 pousan ki te soti de donatè sektè piblik la pou peryòd 2010-2011.

Analiz la baze sou dènye kalkil pwomès 55 donatè te fè pou piblik sektè, 31 mas 2010 pandan konferans entènasyonal donatè yo. Donatè sa yo te pwomèt 4.6 milyon dola pou aktivite retablisman an 2010 ak 2011. (chif sila pa enkli pwomès sekou dèt la ki totalize 1milyon dola).

De 4.6 milyon ki te pwomèt, 1,71 milyon dola (37,2 pousan) deja debouse. Donatè yo pran yon angajman pou ogmante èd la ak yon sipò anlès de 1,58 bilyon dola.

1,71 milyon dola te debouse ki pase pa kat filyè:

- 255,6 milyon dola te pou sipòte bidjè gouvènman Ayisyen
- 272 milyon dola ki te gwoupe ansanm kom sibvansyon pou finansman Nasyonzini, bank Inter-Ameriken pou devlopman, Bank Mondyal atravè Fon Rekonstriksyon pou Ayiti
- 1,16 milyon dola nan sibvansyon te bay kom don pou gouvènman Ayisyen, ajans multilateral, ONG ak kontraktè prive
- 23,3 milyon dola nan prè pou gouvènman Ayisyen

Donatè sa yo te fè yon lot debousman anlès pou 272,9 milyon dola pou devlopman jeneral an Ayiti, andeyò pwomès yo te fè nan konferans New York la pou rekiperasyon. Analiz sila pa enkli fon ki te pwomèt pou aktivite sekou imanite. Li pa enkli fon prive ke òganizasyon prive te pwomèt nan konferans donatè ki te fèt nan New York la.

**POU PLIS ENFOMASYON TANPRI KONTAKTE:**

Jehane Sedky, New York, +1 646.781.4106, [jehane.sedky@undp.org](mailto:jehane.sedky@undp.org)

Lee Bailey, Port-au-Prince, +1 347.416.4628, [lee.bailey@undp.org](mailto:lee.bailey@undp.org)

[www.haitispecialenvoy.org](http://www.haitispecialenvoy.org)